

AVI ALEKRI KI GEN RAPÒ AVÈK

ASIRANS PRIVE AK MEDICAID

A. JENERAL: Sa a se yon avi alekri sou règleman finansye Early Steps (Etap Bonè) Laflorid ki voye ba w ki gen dwa afekte itilizasyon ou nan asirans prive ak / oswa asirans piblik / Medicaid.

1. Yo pa gendwa fè ou peye yon frè pou sèvis kowòdinasyon sèvis, sèvis referans pou Child Find, egzamen ak evalyasyon, devlopman Plan Sèvis Fanmi Endividyalize (Individualized Family Service Plan, IFSP), ak aplikasyon pwoteksyon pwosediral yo (Dwa Fanmi).
2. Sèvis entèvansyon bonè yo ki otorize nan IFSP la pral founi ba w gratis, sa a enkli nenpòt ko-peman yo oswa dediktib yo ki gen rapò avèk sèvis sa yo.
3. Kit ou bay konsantman pou itilize asirans ou pa, oumenm ak/oswa pitit ou ap resevwa sèvis Early Steps ki sou IFSP ou te bay konsantman an.

B. POU ASIRANS PRIVE:

1. Ou dwe bay konsantman pou Early Steps kapab voye mande asirans prive pou peye pou sèvis entèvansyon pou pitit ou a. W ap bezwen siyen fòm Konsantman Enfòmè pou Itilize Asirans Prive avan nou itilize asirans lè:
 - a. Ajans Early Steps yo ap eseye itilize asirans prive oswa avantaj pitit ou pou peye *pou premye fwa* yo bay yon sèvis entèvansyon pou timoun piti nan IFSP; epi ankò si
 - b. Gen yon *ogmantasyon* (kantite fwa, dire, ak degre) nan fason yo bay sèvis nan IFSP pitit ou a.
2. Ou dwe founi yon kopi alekri nan dokiman sa a, ki enkli règleman Sistèm Peman Early Steps yo, anvan ou founi oswa refize konsantman ou pou sèvi avèk asirans prive pou peye pou yon sèvis entèvansyon bonè.
3. Ou gen dwa pou anile konsantman ou pou itilize asirans prive pitit ou nenpòt kilè.

C. POU MEDICAID

1. Si pitit ou pa deja enskri oswa anwole nan Medicaid, lè sa a li pa oblije enskri oswa anwole pou li resevwa sèvis Early Steps yo.
2. Si ou pa pitit ou deja anwole nan Medicaid dapre rekòmandasyon nan Early Steps oswa anwole apre rekòmandasyon, Florida Agency for Healthcare Administration te otorize Florida Department of Health, Early Steps ak founisè Medicaid yo atravè Florida Medicaid Provider General Handbook ak the Florida Medicaid Early Intervention Services Coverage and Limitations Handbook pou fè echanj nan enfòmasyon nesèsè pou w resevwa sèvis yo. Se poutèt sa a, nenpòt kondisyon konsantman yo nan Individuals with Disabilities Education Act (IDEA), Part C satisfè epi okenn otorizasyon adisyonèl ki soti nan men ou pa nesèsè. Sa a enkli konsantman nenpòt lè sèvi avèk Medicaid ta kapab:
 - 1) Diminye pwoteksyon pou tout lavi ki disponib oswa nenpòt lòt benefis pwoteje pou timoun an oswa paran an, oswa
 - 2) Kifè paran timoun an peye pou sèvis yo ki ta kapab otreman pwoteje pa benefis piblik yo oswa asirans, oswa
 - 3) Rezilta nan nenpòt ogmantasyon nan prim yo oswa anilasyon nan benefis piblik yo oswa asirans pou timoun an oswa paran an, oswa
 - 4) Riske pèt nan elijiblite pou timoun an oswa paran timoun an yo pou renonsyasyon rezidansyèl ak kominote yo ki baze sou total depans yo ki gen rapò avèk sante.
3. Konsantman pou divilge enfòmasyon pèsònèl idantifyab bay Medicaid pou bi faktirasyon yo founi kòm yon kondisyon nan anwolman Medicaid, konsa okenn konsantman adisyonèl nesèsè atravè Early Steps.
4. Ou gen dwa pou anile konsantman ou nenpòt kilè pou kite Early Steps voye bòdwo a bay Medicaid pou peye pou sèvis yo. Pou fè sa, w ap bezwen soti nan Medicaid.
5. Epitou si oumenm ak / oswa pitit ou pwoteje pa asirans prive, Medicaid oblije sèvi avèk asirans prive w premye.
6. Si asirans la faktire, konpayi asirans la kapab voye yon Eksplikasyon sou Benefis yo ak peman ba w olye dirèkteman bay founisè a. Si sa a rive epi w resevwa peman, chèk ak dokiman sa yo **dwe** remèt nan Biwo Early Steps Lokal la pou peman.

AVI ALEKRI KI GEN RAPÒ AVÈK ASIRANS PRIVE AK MEDICAID

D. RÈGLEMAN YO SOU SISTÈM PEMAN EARLY STEPS LAFLORID

SEKSYON 1.5.0 NAN EARLY STEPS POLICY HANDBOOK SECTION (TILIV RÈGLEMAN EARLY STEPS LA)	DOKIMAN REFERANS / KI ASOSYE YO
1.5.1 Peman sistèm Early Steps la pa enkli okenn depans varyab oswa frè patisipasyon yo men li enkli itilizasyon nan asirans prive, dapre li detaye nan seksyon 1.6.0 nan Tiliv sou Règleman yo.	IDEA §632(4)(B) 34 CFR 303.520 34 CFR 303.521(a)
1.5.2 Sistèm Early Steps la pral asire ke: A. Paran yo pa chaje pou nenpòt depans yo ki soti nan pòch pou nenpòt sèvis Part C yo. B. Paran yo p ap chaje frè yo pou sèvis yo ke yon timoun gen dwa otremman resevwa gratis. C. Enkapasite pou paran yo peye pou sèvis yo p ap pral rezilta nan reta oswa refi nan sèvis yo bay timoun an oswa bay fanmi timoun an. D. Tout sèvis Part C yo selon IFSP la disponib bay timoun an ak fanmi a kèlkeswa si ou pa konsantman pou sèvi avèk asirans oswa Medicaid obligatwa oswa te founi.	34 CFR §303.520(b)(1)(2)(3)(4) 34 CFR 303.520(c) 34 CFR 303.521(a)(4)(i) and (ii) 34 CFR 303.520(a)(3)(iii)
1.5.3 Pa p gen okenn reta oswa refi nan sèvis yo ke yon timoun gen dwa resevwa akòz dezakò yo ant ajans yo konsènan responsablite finansye oswa lòt yo.	Gid sou Operasyon yo 1.5.3 34 CFR §303.511(d)
1.5.4 Local Early Steps (LES) la p ap pral chaje paran yo frè yo pou sèvis ak sipò annapre yo: A. Egzekisyon nan kondisyon child find yo; B. Evalyasyon ak egzamen; C. Sèvis ak kowòdinasyon; ni D. Aktivite administratif ak kowòdinatif yo ki gen rapò avèk: 1. Devlopman, revwa ak evalyasyon nan IFSP yo; 2. Egzekisyon nan pwoteksyon règlemantè yo ak lòt eleman yo nan sistèm tout eta a nan sèvis entèvansyon bonè yo. E. Sèvis entèvansyon bonè yo ki te otorize selon IFSP la, ki enkli nenpòt komanman oswa dediktib yo ki gen rapò avèk sèvis sa yo.	IDEA §632(4)(B) 34 CFR 303.521(b) 34 CFR 303.521(a)
1.5.5 Local Early Steps dwe asire ke paran yo p pa pral responsab pou nenpòt komanman oswa dediktib yo pou sèvis Part C yo ki te otorize selon IFSP la.	Gid sou Operasyon yo 1.5.5 IDEA §632(4)(B) 34 CFR 303.500(b) and 303.521(a)
1.5.6 Paran yo pral responsab pou peye nenpòt depans pou prim yo oswa lòt depans alontèm potansyèl yo; tankou pèt nan benefis yo, akòz limit yo nan pwoteksyon asirans sante anyèl oswa pou lavi dapre kontra asirans la.	34 CFR 303.520(b)(1)(ii) 34 CFR 303.520(b)(1)(iii) 34 CFR 303.521(a)(6)
1.5.7 Lè yon fanmi gen toude asirans prive ak Medicaid, règleman Medicaid leta yo egzije sèvi avèk asirans prive a kòm asirans prensipal la.	34 CFR 303.520(a)(3)(iv)
1.5.8 Fanmi yo gen dwa konteste yon frè atravè opsyon dezakò yo ki detaye nan Rezime sou Dwa Fanmi yo, ki enkli (1) Patisipasyon nan Medyasyon, (2) Fè demann pou yon odyans san patipri dapre lalwa, oswa (3) Prezante yon plent devan leta. Fanmi yo pral enfòmè sou dwa sa yo nan kopi Règleman yo sou Sistèm Peman Early Steps yo.	Règleman Tiliv 8.1.1 34 CFR 303.521(e)(1) 34 CFR 303.521(e)(2)
1.5.9 Lajan oswa fon yo ki soti nan asirans piblik (pa egzanp, ranbousman Medicaid yo ki asosye dirèkteman avèk fon federal yo) oswa asirans prive p ap pral trete kòm revni pou pwogram la.	34 CFR §80.25 34 CFR §303.225 34 CFR §303.520(d)